



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 13 MILYON DOLA NAN FON SOULAJMAN YO POU KOMINOTE KI TE ANDOMAJE PA GWO TANPÈT AK INONDASYON RAPID YO

Asistans Disponib pou Pwopriyetè Kay yo ki nan Konte Broome, Chemung, Schuyler, Seneca, Tioga, Delaware, ak Chenango

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 13 milyon dola disponib pou efò restorasyon ak rekiperyasyon yo apre gwo tanpèt ak inondasyon rapid yo ki te rive nan dat 13-15 Dawout ki te afekte sevèman kominote yo ki nan rejyon Southern Tier ak Finger Lakes.

“Kondisyon metewo ekstrèm yo se nouvèl nòmalite nan New York epi li enpòtan anpil pou nou konstwi kominote ki pi rezistan pou fè fas a reyalyte sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede asire ke fanmi ki toupatou nan Southern Tier ak Finger Lakes ki te frape fò pa tanpèt ak inondasyon rapid resan yo gen resous ke yo bezwen pou ka rekonstwi pi djanm epi pi sekirize ke anvan.”

“Zòn yo toupatou nan mond lan ap sibi enpak evènman metewo grav yo ki ap devaste kominote yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Domaj yo koute plizyè milyon dola, sa ki fè li vin menm pi difisil pou rekonstwi epi rekipere nan peryòd apre pasaj yon tanpèt. Finansman sa a pral ede kominote yo ki nan rejyon Southern Tier ak Finger Lakes rekonstwi apre gwo tanpèt ak inondasyon yo ki te andomaje kay yo ak lari yo ki nan zòn nan. Nou vle asire ke fanmi yo kapab rekipere epi rekonstwi pi djanm apre pasaj yon dezast natirèl.”

Yo te kreye yon nouvo pwogram asistans rezidansyèl pou bay finansman bay prensipal pwopriyetè kay yo ke domaj yo te depase reklamasyon asirans yo, epi gen lòt asistans ki disponib. Ak sibvansyon maksimòm 50,000 dola, pwogram sa a pral ede elimine bezwen ke yo pa konble pou pwopriyetè kay yo. Pwogram lan pral administre pa Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York lan (New York State Homes and Community Renewal), epi yo pral bay asistans nan konte Broome, Chemung, Schuyler, Seneca, Tioga, Delaware ak Chenango.

Sibvansyon yo ka ale nan ranbousman pou sipòte reparasyon ak restorasyon estrikti yo, ak lòt domaj fizik yo ki nesèsè pou sekirite ak abitabilite, ki gen pami yo fondasyon, sistèm chofaj yo, sistèm elektrik yo, sistèm pyi dlo yo ak septik yo, ensilasyon, ak planche yo.

Enfòmasyon ki soti nan Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) endike ke rejyon sa yo te resevwa ant 10 a 20 pous lapli pandan peryòd 30 jou a kòmanse apati 22 Jiyè 2018. Tanpèt mwa Dawout yo tou pre fen peryòd sa a te pwodwi gwo lapli ki ap tonbe, inondasyon rapid, ak gwo van yo, epi ki konbine ak tèren ki satire yo pa peryòd sa ki imid yon fason anòmal, ki te pwodwi domaj konsiderab.

Nan dat 14 Dawout, Gouvènè a te deklare yon Eta Ijans, epi nèf gouvènman lokal te deklare Eta Ijans tou akòz gravite tanpèt la. Entèripsyon kouran ki gaye toupatou yo te afekte plis pase 1,500 kay ak biznis ki nan zòn nan, epi premye sekouris eta ak lokal yo te sove epi evekye plis pase 200 moun nan tèren kan yo ki nan Rejyon Finger Lakes.

Akoz dega tanpèt sa yo te fè, Gouvènè Cuomo te mande asistans teknik sou fòm yon Evalyasyon Domaj Preliminè Konjwen nan dat 24 Dawout. Nan dat 2 Oktòb, Gouvènman federal la te anonse apwobasyon pou yon deklarasyon dezast majè, ki ap mete finansman disponib pou gouvènman eta a, gouvènman lokal ki kalifye yo ak kèk òganizasyon prive san bi likratif yo sou yon baz pataj depans pou travay ijan ak reparasyon oswa ranplasman etablisman ki sibi domaj yo akòz gwo tanpèt sa yo.

Yo pral aksepte aplikasyon pwopriyetè kay yo pou pwogram asistans rezidansyèl lan apati Lendi 5 Novanm. Delè limit pou aplikasyon yo se Lendi 4 Fevriye 2019. Aplikasyon yo pral disponib nan òganizasyon lojman san bi likratif lokal yo, ki ap administre pwogram nan. Pwopriyetè kay ki bezwen yon aplikasyon yo ta dwe kontakte:

Bishop Sheen
(Konte Tioga ak Seneca)
585-657-4114
dbassage@rochester.rr.com
<https://sheenhousing.org/>

Arbor Housing and Development
(Konte Schuyler, Chemung, Broome, Delaware, Chenango)
607/654-7487 x 2049
Info@arbordevelopment.org
www.arbordevelopment.org

Senatè Pamela Helming te di, “Alafwa Gouvènè a ansanm avèk mwen nou te sou plas jou inondasyon an te rive a epi nou te wè ak de je nou bravou premye sekouris ak volontè lokal yo ki te mete lavi yo an danje pou ka sove vwazen yo. Tout kominote nou an te rasanble ansanm pou ka ede sila yo ki te afekte yo. Se te yon bagay ki fè mal nan kè nou pou nou gade pwopriyetè kay yo ki ap fè fas a domaj inondasyon yo, anpil nan yo gen kay sa yo nan fanmi yo pandan plizyè jenerasyon. Antan ke Senatè Eta a, mwen te sou tèren an ap rankontre abitan yo epi mwen te pran yon angajman pou mwen fè tout sa ki posib pou asiste yo. Eta New York te pran yon angajman pou yo isit la jiskalafen, epi jodi a nou te akonpli pwomès sa a. Se poutèt sa mwen te batay pou bay asistans enpòtan sa a pou dezast yo. Finansman krisyal sa a pral ede abitan yo rekonstwi epi pwogrese. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt patenarya li ladan soti depi nan premye jou inondasyon an rive jiska jodi a”.

Senatè John Bonacic te deklare, “Gouvènè Cuomo te kanpe kòt a kòt ak kominote nou an pandan kondisyon metewo ekstrèm yo pandan sezon ete sa a, epi nou rekonesan anpil pou angajman ki ap kontinye sa a nan efò rekiperasyon nou yo. Finansman krisyal sa a pral ede nou rekonstwi pi byen epi pi djanm ke anvan, epi mwen aplodi Gouvènè a poutèt lidèchip li”.

Senatè Tom O’Mara te deklare, “Inondasyon mwa Dawout lan te detwi lakay yo, biznis yo, pwopriyete pèsònèl ak enfrastrikti lokal yo, li te mete presyon ak ekstrès enòm sou gouvènman lokal yo, moun yo, ak tout kominote yo. Nou te apresye deplwaman resous eta yo, ki gen pami yo sekouris ijans ak ekipman yo, Depatman Transpò ak lòt ekip travay yo, ak pwofesyonèl swen sante yo pou asiste premye sekouris lokal nou yo. Finansman krisyal sa a pral fè yon gwo diferans pou pwopriyete kay lokal yo ak tout kominote yo pou asiste efò restorasyon ak rekiperasyon ki ap kontinye yo”.

Senatè James L. Seward te deklare, “Tanpèt yo nan sezon ete sa a te fè ravaj nan kominote nou yo epi devaste kay yo atravè rejyon an. Apre pasaj tanpèt sa yo, nou kanpe bò kote sila yo ki afekte yo epi nou ap pran mezi pou ede fanmi yo rekipere. Rekonstwiksyon yon kay se yon travay monimantal, epi finansman leta krisyal sa a pral ede kenbe moun yo lakay yo epi asire ke katye nou yo pral retounen vin pi djanm ke anvan. Mwen ankouraje pwopriyete kay yo ki bezwen asistans pou vin aplike imedyatman”.

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, “Kondisyon metewo ekstrèm yo ansanm ak efè li yo te vin twò familye pou abitan yo nan Konte Broome. Moun ki nan kominote nou an yo rezistan, men apre pi resan inondasyon ki te rive nan sezon ete sa a, yo fòse rekonstwi yon lòt fwa ankò. Mwen reyèlman apresye angajman Gouvènè a pran ki ap kontinye anvè rekiperasyon apre inondasyon yo toupatou nan Eta a”.

Manm Asanble Clifford Crouch te deklare, “Sezon ete sa, fanmi yo te fòse andire domaj enkwayab nan kay ak biznis yo pliske inondasyon rapid yo te devaste laplipa zòn nan Southern Tier ak Finger Lakes. Se devwa nou pou nou ede sila yo ki ap travay pou ranmase pyès yo epi rekonstwi lavi yo apre kondisyon metewo ekstrèm yo ak lòt dezaz natirèl yo. Mwen kontan dèske Eta New York kapab bay asistans ak soulajman pou sila yo ki nan neseseite”.

Manm Asanble Phil Palmesano te deklare, “Nou te apresye asistans administrasyon an depi apre inondasyon nan mwa Dawout lan pou ede kominote nou yo rekipere. An patikilye, nou te ekstrèmman rekonesan anvè ekip travay Depatman Transpò rejyonal la yo poutèt yo te ede sekouris lokal yo repare enfrastrikti yo, epi asiste pwopriyete kay ak biznis yo. Pwopriyete kay ak tout kominote yo pral ekstrèmman rekonesan pou asistans leta dirèk sa a pou ede kenbe efò restorasyon ak rekiperasyon yo ki ap vanse”.

Chèf Egzekitif Konte Chemung, Tom Santulli, te deklare, “Kominote atravè eta nou an ak toupatou nan mond lan ap afekte pa evènman metewo enprevizib yo ki ap devaste kominote yo. Domaj ke tanpèt sa yo te koze ka nefas pou finans yon fanmi, sa ki ap fè li vin menm pi difisil pou yo rekonstwi epi rekipere apre pasaj yon tanpèt. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt asistans finansye sa a pou kontinye ak efò rekiperasyon nou yo epi rekonstwi pi djanm”.

Prezidan Konte Broome Jason T. Garnar te deklare, “Kondisyon metewo ekstrèm, enprevizib yo se nouèl nòmralite toupatou nan Eta a ak peyi a. Anpil kominote te soufri de domaj grav ke gwo lapli ak inondasyon rapid yo te fè nan sezon ete sa a, epi finansman sa a pral asire ke fanmi yo gen resous ke yo bezwen pou ka rekonstwi epi restore lakay yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li travay pou garanti finansman sa a ki nesèsè anpil pou abitan nou yo”.

Administratè Konte Schuyler a Timothy O'Hearn te deklare, “Mwa Dawout sa a, anpil kominote te eksperimante inondasyon rapid akòz kondisyon metewo enprevizib ak gwo tanpèt yo. Pwopriyete kay yo ki nan Konte Schuyler te soufri domaj nan kay yo ki te depase reklamasyon asirans yo, sa ki te kite yo ak nesèsite pou yo peye pou reparasyon chè sa yo ak pwòp kòb pòch yo. Ak finansman sa a, abitan nou yo pral kapab fè reparasyon krisyal kounye a nan kay yo ke yo te ka pa ka peye pou yo”.

Prezidan Lejislati Konte Tioga a, Martha Sauerbrey te di, “Aprè inondasyon rapid nan sezon ete sa a, abitan yo toupatou nan rejyon an te fè fas a devastasyon inimaginab nan kay ak pwopriyete yo. Anpil fanmi te tonbe nan lapèn, san asirans sou ki kote pou yo ale ak jan pou yo fè premye pa pou ale nan rekiperasyon. Gras a Gouvènè Cuomo, abitan yo kontinye resevwa asistans ke yo bezwen pou ka rekonstwi pwopriyete yo epi retabli lavi yo”.

Prezidan Konsèy Sipèvizè Seneca a Robert Shipley te deklare, “Manm kominote nou an yo ap travay di pou konbat epi repare domaj inondasyon yo nan kay ak biznis yo. Angajman 13 milyon dola Gouvènè Cuomo pran an pral bay asistans finansye ki nesèsè anpil pou sila yo ki te soufri de pèt yo akòz gwo inondasyon yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt gravite sityasyon an nan kominote nou yo, epi poutèt li ap bay finansman ak resous ke yo bezwen yon nivo dezespere”.

Jeffrey Eaton, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Arbor Housing and Development, te deklare, “Lè yon kay andomaje pa yon tanpèt, deranjman pou sila yo ki rele li lakay yo li imedyà. Nan Arbor Housing and Development nou rekonesan dèske nou kapab fè patenarya ak Eta New York pou ede manm kominote nou an yo pandan rekiperasyon yo”.

Allynn Smith, ki se Direktè Egzekitif Bishop Sheen Ecumenical Housing Foundation, te deklare, “Nou te wè deranjman nan lavi ki te koze pa kay ki demoli yo pa gwo tanpèt yo, epi Bishop Sheen fyè pou li fè patenarya ak Eta New York nan ede vwazen nou yo retounen kanpe sou de pye yo. Nou deja konekte ak pwopriyete kay yo epi kòmanse mete yo sou wout rekiperasyon an”.

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)